

Pembantoe sareng
agen:
Priangan koolon
M. Sahari - Bogor
Priangan tengah
H. B. Pascoendan
Bandoeng

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Dititah di Soetapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng
agen:
Priangan wetan
M. G. Kartatmadja
Tjiamis.
Djawa wetan:
Blaoeran G II No. 33a.
Soerabaja.

LANGGANAN.
Pangmirahna dina 3 sasih f 1,50
Sataoen f 5,-
Dibajar ti pajoen, Salambar 15 sen.

Redactie:
Galoenggoengweg 49.
Administratie:
Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redakteur:
SOETISNA SENDJAJA
ATMAWINATA
Redakteur di Batawi
SOERADIRADJA.

Directie:
Bestuur Pasoendan Tasikmalaja
Administrateur:
K. MARTAKOESOEMA.

Pangaoes ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,-
1/32 " f 1,25
Sakali moeat.
Langganan langkoeng mirah.

Djaoeh di mata dekat di hati.

Dalapan taon ngantoeunkeun tanah Pasoendan, dalapan taon ngantoeunkeun Tasik (sim koering perang Tjita-pend), abeng-abengan ka sebrang ka alas peuntas, Deli—Lebongtoun, Maka sar Boegis, nja teu woedoe rada ka gok kana basa Soenda teh.
Tepangan sareng oerang beh dieu arang pisan, maloe di tanah deungeun. Koe hal ieu moegi noe maos teu djadi bendoe, bilih basa Soenda sim koering kirang raos kadangoena.
„Het ras verloorcht zich niet”, tjek oerang Walanda tea mah; nja kitoe deui sim koering, sanajan panginten ngan kantoen saketjak, het aje keneh perasaan kesoendaan teh; noemoetkeun, „Code de la Nature”, soort zoekt soort.
Tjinta sareng hajang miloe ngabela an lemah tjai sorangan aja keneh.
Tjing naon atoech boektina katjinta an teh? panginten saer noe maos.
Hm, sesah ditoeckiteun, sesah ditja rioskeunana. Sim koering rada kalamas-kelemes. Akoe-akoe angga, tjek sobat sim koering tea mah.
Nameong sajaktoesa djoeragan, panginten 99% ngan omong kosong wengkoel (phrasen), ari kahajang aja nameong pangabis, atanapi pangaboga keur soesoegoeh teu aja. Nja-oeagan tamba tiseun, tamba gado ngaga jot, atoech ngobrol-ngobrol bari njaneun.
Mangga ieu aas, kaanggo bae atoech soemangga, henteu teu ngalalangkoe ngan.
Kamadjoean djaman. Naon anoe kinten-kinten kening (gampil) didjalankeun koe oerang dina waktoe ieu?
Oepami oerang ningali ka beh keolon, ka kaler, wetan sareng ka kidol ka Amerika Eropa Afrika, Hindia Inggris, Tjina Djepang Filipina sareng Australia, teras ningali tina elmoe ka pinteranana, elmoe pangaweroehna (verstandelijk en wetenschappelijk gebied) tina ekonomiena, lajdeng dibandingkeun sareng kaajaan di oerang, tetela jen bangsa oerang teh katjida tinggaleunana.
Koe sami - sami tanah djadjahan sapertos Hindia-Inggris atanapi Filipina, oerang teh katjida krwoona. Di ditoe mah sakola laloeher teh sasat parantos balatak. Di Filipina anoe tjat djawana teu langkoeng ti 12 milioen, pribomeina meh 98% parantos tariasa katja sareng njerat, aja 5 uni versiteit noe ngango roepi-roepi sacul teit. Sanes pitandingeunana sareng di oerang.
Nja kitoe deui kamadjanganana tina ekonomie. Di ditoe mah meh sagala peroesahaan anoe ngagadoehanana oerang pribomei. Tina concurrentie perdagangan henteu kavon koe sanes-sanes bangsa.
Koemaha ari di oerang?
Beu, matak toegenah!
Itoe anoe taen, ieu anoe babah atanapi noe sjech had'aulmaut. Na mana noe oerangna?
Toeh teangan di djarian!
Naon sababna atoech noe matak oerang teh beuki lila beuki kasedekun bae?
Sim koering maal bade maido kana pangaroehna koloniale politiek, atanapi Nederlandsche wei anoe disebatkeun beroemd omongna beroemd) soteh koe djrg-Gelenjoe.
Oepami noe maraos palaj oeninga, mangga bae naros ka djrg Tjioptomangoenkoesoemo, atanapi maos bekoek noe nganggo titel: „ludis verloren, rampspoed geboren,” katjida „wetens waardigna.”
Tjek sim koering maal maido kana geestna koloniale politiek, margi sok sienn aja mamalana, sahenteu-henteu na nja kasakit tering bae mah pangin

ten.
Naon anoe gampil didjalankeun ajeun na koe oerang?
„Njieun kalakoean anoe „bertentangan” sareng kapalajna pangagoeng memang oerang dilarang. Kamalikaan tina njarios, kamerdikaan tina seseratan dina serat kabar noe ngandoeung politiek aja watesna (beperkt) Oerang terang pikoemahaunana, oepama oerang ngalangkang wetna ngara ngalanggar „publieke meening (hm! S. d. H.) tjek Goethe tea mah:
De weinigen, die hun verlicht verstand,
Niet voor zichzelf bewaarden.
Maar 't gauw hun meening en gevoelens openbaarden,
Zij zijn van ouds gekruisigd en verbrand.
Nja kitoe oerang terang jen: la raison du plus fort es toujours la meilleure.
Oerang madjoe hajang sarta kedah tapi perjogi kedah ninggang kana waktoena, etang-etang naratas djalan ka ditoeana mah keun bae sina diteroeskeun koe anak intjoe.
Perjogi pisan oepami ngamadjoekoeun ekonomie heula.
Oerang parantos terah jen djaman ajeuna dingaranan „djaman doeit”. Sagala hal berdasar kana artos, nganggo basis artos, basis ekonomie. Ilang njakolakeun anak, hajang indit diadjar ka Eropa. Hajang itoe hajang ieu, oepami taja artosna tkeur ngong kosan nja loepoet. Oerang poenja kewasa.
Djadi bekelna noe kedah diperloekoeun teh.
Di tanah Pasoendan sakanjaho sim koering babakoena di Tasik sareng Tjiamis, bangsa pribomei teh teu atjan kasedekun pisan hiroepna koe bangsa asing, teu sapertos di teh Djawa tengah, di mana pabrik tiwoe sareng bako katjida „meradja lelana”, nepi ka bangsa pribomei parantos katele-teler pisan hiroepna meh oenggal peroesahaan pribomei toh ageung boh alit kareboet koe oerang asing.
Koe tina lembekna tabeat pribomei Djawa tengah tina ekonomie siga kitoe (henteu bisa mempertahankan ekonomie sorangan) oerang maal heran oepami maranehanana lami-lami „auto matisch” salajana djadi kolei.
Di oerang panginten teu atjan atanapi rada tebih keneh, nepi kana kitoeana mah. Tapi kapajoen nja tiasa djadi bakal kitoe oepami teu didjagi ti ajeuna. Tinimbang djibreg pisan nja hoedjan-hoedjan oge perloe neungan daoen tjaoe keur pajoen.
Maksad oerang neangan kamerdikaan sanes?
Merlika njaria, merdika toelis me noelis, merdika dina politiek, merdika nagara.
Eike vrijheid moet veroverd worden!
Tapi naha oerang dina keur neangan kamerdikaan, neangan kamadjoean, kapinteran, kinten-kinten kiat nganggo benteung korontjong? Atanapi ta deui ta deui, tjara toekang moesapir? Rasa simkoering moebadir!
Koe margi eta dina waktoe ieu sanajan oerang ngan di „dibere” hagian saeutik pisan tina politiek, soepados tiasa nganggona eta noe saeutik teh, oelah dijanjajah. Sendiko atanapi sadaja daja sareng „moepakat kangdjeng” kedah dipitjeun. Emoet eugke dina ngalegna Provinciale Raad!
Oepami kitoe keneh-kitoe keneh mah nja pohara bangsa oerang teh, teu beunang diharep.
Tapi babakoena ngamadjoekoeun ekonomie, welvaart rajat, beuki sae. Teu tiasa tambah kiat tinimbang ajeuna atoech oelah doegi ka kareboet deui—kareboet deui koe bangsa sedjen mah

pirakoe soegan ari sarerea kedah dja di boedjang Tjina boedjang Walanda mah.
Sakieu bae heula.
S. d. H.
Semarang Maart 1925.
Omongna beroemd soteh Corr.
1 ekonomie asalna tina ketjap Griek oikos sareng nomos; hartosna oikos=imah, nomos = wet.
Djadi piseoendaunana panginten hal imah-imah noe sae sarta beres gadjih aloeruanana moen tjara noe toesang tea mah, saeutik mahi, gede aja sesana.
2 de sterkste heeft altijd gelijk.
S. d. H.

Karadjinan Plered.

Saha noe bireuk kana boeatan Prered. Saha noe teu oeninga kana kendi Plered. Malah ajeuna make dihias koe gambar, make ditjet. Piring tembok tina taueuh dihias koe gambar oerang tiasa ngagaleub di Plered, boeatan bangsa oerang. Roepi roepi tjeztjelangan tina taueuh droepikeun sato hewan, kajaning ma-oeng, embe, oentjal. Malah ditegesekeun koe tjat. Mal lepat deui noe atjan oeninga hojong tingali kana kapinteran bangsa oerang. Mal tebih ti emotan sateja hojong ngagaleuh. Noe parantos angkat ka Plered tangtos oeninga.
Anoe disebat di loehoer parantos kaetang aneh; miloe boengah bangsa oerang aja hodjah hajang madjoe. Nanging ajeuna tambah deui karadjinana Plered teh. Ajeuna mah disebatna oge sanes karadjinan; bidjilan pabrik. Bisa niroe boeatan Shanghai, Japan. Pirakoe teu oeninga boeatan Shanghai mangkok tea noe haredjo. Ajeuna mah Plered teh bisa niroe kitoe. Sae beres teu aja tjawadeunana. Njaeta noe disebat make diglasir tea. Aja sakolana di Bandoeng di Plered ngan aja lidji noe geus nepi ka di nja teh. Tjoekoe pangartina. Nja eta toeh poetrana Hadji Marzoeki. Parantos ngadamel pabrik sorangan, teu kaselapan koe batoer. Noe matak oerang perloe koedoe miloe boengah. Koedoe ditoeleong koe oerang keneh. Nembongkeun tjinta bangsa teh ajeuna. Koeatkeun karadjinan oerang. Toko-toko noe galede kedah noeloeng mangluoelkeun.
Naon kahajong tiasa didamel noemoetkeun tjonto, model. Anoe parantos aja tiasa dipesen. Kajaning: wadah sekar roko, wadah kembang, pagoewisan koeweh, wadah beoeh sareng roepi-roepi deni, seueur teuing diserat didieu mah.
Koe margi katingal bakal pimadjoeanana toeh oangsa Djerman oge gens ngadegkeun pabrik, noe matak oerang koedoe daek noeloeng ka bangsa sorangan. Dina palebah dieu mah, komo bangsa soedagar deui mah Maksadna mah taja sanes soepaja oelah leungit.
Mangga pesen tingali advertentie.
S. K.

Kota Province West Java (Pasoendan) kedah di Bandoeng

Ngawitan sasih September taon ieu di Pasoendan diasjaan Provincie, nja eta noeroetkeun robahan bestuur di Indonesia kalajana kapalajna Minister de Graaff. Nanging aneh noemoetkeun wartos dina serat-serat kabar dajehuna Provincie teh bakalna di Batawi. Eta bae aneh soteh dajehun na Provincie teh lain dina poeseurna Pasoendan. Apan ieu Provincie teh

meureun bakal disebatna Provincie „Pasoendan.” Tjek timbangan koering Batawi lain poeseurna Pasoendan. Poegoeh Batawi meh saroea djaoehna ti Banten, ti Tjerebon djeung Priangan, tapi asa lain tempatna keur dajehun Provincie. Rea sanabna:
1. Batawi deukeut ka laet hawana panas, koerang hade. Pamarentah oge sigana geus oimbang jen Batawi teh hidji kota noe koerang sehat boektina Pamarentah baheula geus boga niat rek minlahkeun kabeh Departement-departement ti Batawi ka Bandoeng. Ajeuna geus doea Departement, Departement Perang djeung Gouvernementsbedrijven noe geus pindah ka Bandoeng. Tjatjkan moen Pamarentah teu kakeurangan waragad, lantaran ajeuna oesuem beuziniging meureun sakabeh Departement geus dipindahkeun ka Bandoeng. Malah Burgemeester Bandoeng geus njadikeun pitempatuunana departement-departement tea.
Atoeh ajeuna eta tanah meunang meulian Gemeente Bandoeng teh nganggof keneh bae tatjan dipake naon-naon. Padahal eta tanah dibentian teh, lantaran bareto Pamarentah geus mere bedja, jen Departement-departement bakal pindah ka Bandoeng.
Ajeuna koe lantaran beuziniging tea ieu niat teu bisa didjalankeun, tapi kabareup maal salah iraha boh iraha Departement departement tangtoe pindah ka Bandoeng noe hawana tiis djeung leuwih ngeunah ka noe djadi kapala djeung noe digawena. Djadi Batawi beuki lila beuki ngaleutikan atawa maal sabaraha ngagedeanaan lantaran ditinggalkeun koe kantor-kantor noe galede.
Ajeuna dajehuna Provincie rek di Batawi. Na teu leuwih hade oepama di Bandoeng?
Apan Departement oge oepama teu gede ongkosna mah geus ti baheula meureun dipindahkeun ka Bandoeng. Koemaha ieu dajehun Provincie na engkena maal dipindahkeun ka Bandoeng? Siga - sigana mah engkena nja miloe bae meureun kabaoed ka Bandoeng. Atoeh meureun kantor-kantor di Batawi teh ditinggalkeun, njieunan deui di Bandoeng djadi kaloer-ongkos doea kali oepama kitoe mah. Tjing atoech benerna mah ti ajeuna bae ti mimiti dajehuna Provincie teh di Bandoeng.
Soepaja eugke oelah hese deui mindahkeun.
Malah moen teu salah baheula oge keur mimiti aja niat rek ngarobah pamarentahan Indonesia teh, noe diadjan pidajeuheunana teh nja Bandoeng kari-kari ajeuna bet Batawi. Bandoeng koedoe djadi kota Provincie Pasoendan.
2. Sanajan di Bandoeng rea bangsa asing, tapi djelema karereanana asa kotana oerang pribomei, lantaran Bandoeng ngagedeana geus rada beh dieu djadi oerang pribomei njaho ngagedeanaana asa kota beunang njieun aing, koe lantaran djelema-djelema oerang pribomei saeutik - eutikeun geus rada madioe baroga pangarti keur waktoe Bandoeng ngagedeana. Djadi Bandoeng teh tjek rarasaanana oerang Soenda asa tempat titinggal karoehoen dialoesan digedean koe oerang, sanajan karereanana imah imah noe galede noe araloes teh boga bangsa asing. Beda deni djeung Batawi. Batawi mah keur waktoe oerang pribomei eungkeut-eungkeut lelengkah haloe geus sakitoe gedena geus pinoeh koe bangsa deungeun djalma patjamperan ti mana-mana. Djadi oerang pribomeina teh teu asa di kota padoemoekanana.

Ti pipir hawoe.

Ajeuna teh kapan boelan Poessa, di hawoe maal nioep seuneu isoek isoek, maal sideroes maal ngawang-kong, maal ngaleueut tjikopi, heuj deuh saha noe kabuta koe tjilekoh, ngatjoeung.
Era atoech, pimaneun ari koe Pangeran onaman koe andjeun bae heula.
Sakitoe gagah rongkahna, sakitoe moeljana moenggoeh „opleiding” ontbruding, maksoedna njaeta kedah aremoet geuning sakitoe karoesna koe salira, laloes teunangan, hanang palaj toean, teu njesep-njesep atjan deudeuh.
Tjing emoekeun, tiugali, raoskeun keur noe miskin kapaksa, sanes njeueuh salira ieu mah, kapaksa pedah teu gadoech sanggoeun, nrempo, gering, tanpadaksa tjidekna sanes dosana sorangan?
Sanes deui raosna sareng anoe diniatan toer diwatesan ti fadjar doukap ka soeroep.
Geucing sakapalaj waktoesa keur saem tea, tjing njieun bika marentah ka oerang dapoer, eu ngala poe-tjoek karet djeung njieun sambel ontjom, ah roepa-roepa tapi ari kop?
Aheng, ari boelan, boelan, poessa, ari napsoe diladjoer tjeungtoeugna koe lantaran diantjokeun sagala keur boeka, begrooting (tikel doea, komo ari lebaran mah noe sakadar bisa njokot parikot njendak hajang: gandang ginding gendeng.
Ti djaman koeda ngegel beusi oge, omongna mah rek membela si miskin, pembela rajat, atas nama rajat, nangtjoengan rajat, tapi si miskin tinggal miskin, si rajat tinggal rajap. da boelan poessa oge henteu saeom.
Gelenjoe.
Malah apan oerang Batawi mah basana oge geuning basa Malajoe, koe lantaran geus katjamperan teuing pangaroech djeung adat deungeun.
Noe mantak oepama rek ngajakeun kota Provincie teh lain Batawi pitempatuunana tapi Bandoeng, Bandoeng koedoena.
3. Eta Provincie tea sabisa - bic koedoe rada merdika, oelah dina ngadjalankeun sagala roepa teh nen teuing ka noe ti loehoer.
Oepama kota Provincie di Batangtoe Pagawe Provincie deuh teuing ka Pamarentah, engkena aja pisan kamerdikaan sagala ro diparentah bae koe Pamarentah Agoeng. Apan maksoedna djadi Provincie oge nja eta rek ngabagi-bagi kakawasaan (decentralisatie) soepaja sagala oeroesan leuwih beres ti batan ajeuna.
Poegoeh dina mimiti mah Pagawe Provincie rada hese ngadjalankeun pagaweanana lantaran koerang paham. Koe sabab eta soepaja Pamarentah gamparg noengtoenna atawa gampang mapatahanana atawa babari nalingakeunana nja Bestuur Provincie koedoe deukeut ka Pamarentah Agoeng di Batawi. Dipikir sakali siga enja eta kitoe teh bener koedoe deukeut Bestuur Provincie ka Pamarentah agoeng. Tapi ari dipikir pandjang mah, ah teu koedoe deukeut. Enja oepama baheula mah perloe oge tapi ajeuna mah apan soerat-soerat sakitoe bereana, sakitoe kerasna didjalankeun koe post. Koerang keras koe soerat koe telegram, hajang leuwih gampang batan telegram telepon rek sabaraha bae lilana, da telepon telepon pamarentah.
Panotoepan panoebeun ka Pama-

Koemaha akalna soepaja lemah tjai oerang tambah rahardjana ???

Otto Soebrata diboeke. Noe saroe-ping ± aja 80.

Ladjeng djr. Idi Prawiradipoetra njarioskeun maksadna noe mawi ngajakeun roemah bola sareng naon pi-goenaunana Societeit oerang Soenda noe disebut „Pasamoan Pasoendan” tea.

Ti dinja ladjeng disamboeng koe djr. S. Prawiraamidjaja. Andjeunna njarioskeun, jen baboula keur di Bandoeng aja Societeit „Merdika” noe ajeuna parantos teu aja, andjeunna seueur pisan kawawoehan, koe margi sering patepang sareng djoeragan-djoeragan noe koe andjeunna sesah disoempingan, koe margi tebih atanapi teu kabodjong.

Ladjeng djr. Soedjono nerangkeun naou margina eta roemah bola tea dingaranan „Pasamoan Pasoendan”. Ieu roemah bola teu pisan-pisan ngahidji sareng pakempelan „Pasoendan” Saues lid „Pasoendan” sareng saha bae asal oerang priboeumi kenging djadi lid eta roemah bola. Noe mawi dingaranan „Pasamoan Pasoendan” soteh eta bae pedah ajana di poe-seurna tempat oerang Soenda.

Ladjeng djr. O. Soehrata hatooer noehoen ka djoeragan-djoeragan noe parantos njarios sareng naros bilih aja deui noe bade njarios.

Ladjeng pribados Ahmad Atmadja oerang Tasik njarios saeutik, ngiring bingah wirah di Bandoeng diajaan tempat oerang priboeumi pikeun ngabarempagkeun, sagala roepi noe perloe sareng moegi-moegi ka djoeragan-djoeragan ti S. S. ti G. B. ti Post, sareng ti golongan-golongan noe sunos noe parantos lebet djadi lid „Pasamoan Pasoendan” kersa njandak noe saues ka eta roemah bola soepados engkena kersaen djadi lid ka eta so cietei.

Lah moegi moegi bae „Pasamoan Pasoendan” moeloes rahajoe pandjang poendjeng oelah aja pantja bajana Ngawitana parantos sae tempatna teu ageung, nanging sedeng, aloes, loe tjoe, loehoer, majoenan Braga. Madjengna ieu societeit teu aja sanes ngun kedah oerang priboeumi Bandoeng babakoena oerang Soenda djadi lid eta pasamoan. Mangga sadereh saderek di Bandoeng enggal djadi lid „Pas.Pas.” oelah ngantos doe gi ka parantos madjengna, margi so cietei tiasa madjengna teh kedah aja pangieudeul djoeragan. Saha saha di Bandoeng noe resep doedoeleoran tjinta ka dirina sorogoeskeun tjinta ka bangsana sareng tjinta ka papada manoe sa tangtos enggal djadi lid „Pasamoan Pasoendan”

A. a.

Tooneel Soenda koe Pasoendan Bandoeng.

Dina ping 10 April di Bandoeng bakal di boeka Tooneel tempatna di Societeit Concordia pangoroesa [Djr. Sastrahadiprawira, djr. Sastradipoetra, djr. Djajadiredja sareng djr. Kadmirah sadaja lid-lid sareng Bestuur Tjambang Bandoeng, moega-moega salamet husil aloes

Wadana Belardja (Betawi).

Raden Abas Soeria Nata Atmadja Inspecteur V. C. W. parantos angkat ti Garoet diiring koe ratoesan noe djadjap benoem Wadana di Belardja.

NATIPU (Nasional Indonesische Padvinderij).

Jong Islamieten Bond geus ngadegkeun koempoelan saperti di loehoer, maksoed, diadegkeun koe langsa-bang-a In-lonesia bae rek ihtiar neangan karukoenan di djero bangsa-bangsa Indonesia atawa doedoeleoran djeung saindonesia bangsa oerang (Islam).

Henteu ngaganggoe ka agama-agama sedjen, Natipij rek ngihtiaran madjoena pangadjaran - pangadjaran

IMPLIK-IMPLIK

Nji Djoeminem.

Koe K. M.

Samboengan Sp. no. 40.

(Diwagel dipetik).

Ajeuna Endjoem rada ngarti, jen enja eta omongan-omongan sobatna teh anoe kaloeur tina saeobarina, ki eu omogna bari hoemandeur: „Nja eta atoech Njai, ari teu ditoeerit koemaha. ari ditoeerit koemaha sareng sajaktoena Madkaja teh parantos aja antjamanana bade ngadjabel sawah anoe ditengah koe poen bapa sarta

Islam. Ka Padvinder sedjen saperti N. I. P. V. rek teoleng tinoeleng babarengan digawe.

Natipij ngadoeng 10 maksoed.

1. Heman ka lemah tjai djeung kabangsa.
2. Netepan-omongan djeung negoeh-kenn djangji.
3. Setia ngalampahkeun kawadjabana.
4. Tjitting dina kaadilan.
5. Ngamoeljakeun adab djeung tata-krama.
6. Diadjar berehan, rea pangampoera
7. Ngamoeljakeun adab djeung lkram
8. Mikanjaah ka mahloek Allah.
9. Ngoesahakeun diri tina sakabeh lakoe noe kaleuwihan.
10. Ngoeroes kabersihan diri djeung tempat.

Sakitoe hoekoem anoe ditjarekel tegoech djeung prakna dilampahkeun, tjek H. B.

Demonstreeren Primax

Dinten Ahad ping 29 Maart di aloen-aloen Tasikmalaja diboeke mesin pertjoeraan paranti mareuman seuneu (kompa) koe Toean Nic. Muller nja eta anoe ngaloeurkeun eta Primax. Anoe nongton pirang-pirang ratoes, politie oge sadia, pertjoeraan aloes, bisa mareuman seuneu anoe beunang ngahadja njoendoet make minjak tana.

Primax, pangaosna tingali dina advertentie dina serat Kabar ieu.

K A B A R.

Tiasa s. k. Walanda.

Rarantjang wet noe nangtoengkeun kakoeatana pangawasa di oedara nagara Inggris tiloe kalieun dina waktoe ieu, baris diinkeun timbangan Lagerhuis. Menta soepaja njeun hoe-tang keur ngatoer ieu perkara reana 20 milioen pond sterling,

Di Sullivan (U. S. A.) aja katjila kaan gede di hidji tempat ngala barang tambang. Sababaraha poeloech djalma noe leungit; majit-majit noe paraeh kabeneum ditoegetoet ditjokotan dibawa kaloehoer, 23 oerang noe atjan katoeloengan. Noe kaoeroegan reana 125 oerang.

Hidji Commissie bangsa Japan geus indit ka Sachalin kalereun Djepang baris ngoeroeskeun ieu tanah, soepaja bisa diserenkeun koe noe mareutah kaum Sovjet.

Lagerhuis nimbang hade kana nangtoeun jen Inggris baris mikeun sababaraha loewoek tanah di Jubaland (wates Italiaansch Somaliland-Britsch Oost-Afrika) ka Itali.

Di Rusland dina waktoe ieu aja 25 reboe djalma noe maot, keuna koe kasakit pest.

Overste Schieckoff, kapala soldadoe soldadoe Hedjaz, waktoe keur hiber dina kapal oedara ragrag, dibedil koe kaum Wahabi.

Majitna ditoeget sirahna.

Opat kapal oedara (aeroplanes) geus bisa mawa 2900 KG. emas ti London ka Paris, pikeun Zwitserische Bank. Pangadjina ieu emas ditaksir 30 milioen frank.

Reana koeli-koeli noe marogok di Sjanghai teh, nja eta ti 13 pabrik boeh oerang Japan, aja 80 riboe. Noe meunang tateo 6 oerang Djepang.

Lantaran bezuiniging kareta listrik diantara Bogor djeung Batawi teh teu toeloes. Pagawean-pagawean baris ngajakeun tempat njeun listrikna di Krapiak kapaksa saheulaanan dieurkeun.

hoestagna poen bapa anoe diborehan koe rorompok bakal didjabel, margi parantos liwat tina watesna. Leres ka saeoran Njai jen anoe koemawola mah serah bae; eta bae poen bapa sadekna ngawoelaan anoe soegih bet roepina teh beuki tibebes, kebon la-poer. rorompok lapoer atoech djong; djon bae ngalahkeun anoe doenoengan malah ajeuna katoet ka anakna koedoe lapoer deui bae, ana kitoe noe malarat tjampoer sareng noe soegih teh roegel anoe malarat.

„His!” tembal sobatna megat kalimah, „henteu kabeh noe soegih ngarah ka noe malarat. Ajeuna soekoer Endjoem geus aja pikiran kitoe tanda

Di Koerdistan (bawahan Toerki) aja pembontakan rahajat, didjadikeun koe djalma reana kira-kira 27,000 oerang.

Tempat tempat Diarbekir djeung Argano, geus beunang koe noe barontak. Maranehanana make pakarang machine geweren.

Soldadoe-soldadoe Pamarentah rea noe miloe. Tjek: sakraol ieu kadjadian di lantarankeun koe pangasoedna agent agent koeminis ti Rusland. Kahajagna soepaja anak Abdoelhamid djadi Kalif.

Hidji koemisi noe didjadikeun koe bangsa Amerika djeung Deutschland nangtoeun jen pangadjina 1 mark Duitsch saroea djeung 16 dollar cent.

Ongkos pikeun ngabogaan soerat-soerat katrangan, soepaja meunang tjitting di Frankrijk, ditangtoeun koe Kamer van afgevaardigden djadi 300 franks.

Njamoe djadi koeli, Keizer Tjina geus lolos ti kota Tientsien. Maksoedna baris teroes neangan panjoempoetan di Japan, disarengan koe prameswarina.

Di nagara Inggris noe keuna koe sasalat influenza pohara reana. Teu koerang ti 60 oerang lid Lagerhuis kapaksa teu meunang ingkrah ti imah

Bagian Ierland beulah ti koelon, lantaran katjida reana hoedjan, kakerangan tedeun djeung turf (bangsa areng beuleumeun paranti sidoeroe) noe katjida poharana.

Entong boro noe malarat, noe nedana woengkoel koemeli bae, kitoe ge na waktoe ieu mah hese ditedana, lantaran teja seuneu, dalah noe kasoboet tjoekeup nepi ka kapaksa niikeun hawoe.

Di kota Dublin diadegkeun hidji comite noe diloeogoeun koe Goepnoer-djendralna, maksoedna pikeun noeloengan noe keur tigerat kakoe-rangan sandang pangan.

Kabar dagang.

Soerabaja 3 - 3 - '25.

Goela pasir aloes sapikoel . . . f 15 1/2.
Copra sapikoel f 18 1/2.
Kopi f 69,-

HOTEL BANDOENG di SOERABAJA.

Oepami ka SOERABAJA koem di HOTEL „BANDOENG”

ditanggal bersih sareng resep.

Noe ngoeroesna oerang Soenda.

Beheerder

H. J. MAKSOEDI

Bade diitjal hidji. boemi sewaan pangaos f 200. sewaanana f 8,- salamina tara koeng.

Sae badanten ka:

Kantor Pasoendan

Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Nembe kaloeur Wawatjan Panggeung ka baroedak dessa pangaos f 0,15 sareng Ww. Karoen f 0,10 (2e. druk).

Toko Pasoendan

Stationsweg 33 Tasikmalaja.

jen arek noerost tea ka kolot; koedoe inget kieu bae Djoem, oelah niat dikawin koe Madkaja, tapi rek ngabe laan kasoesah kolot-kolot djeung oelah ngingetkeun kawin kanoe ten tjinta, tapi inget rek dipikahemane koe noe njaheun ka Endjoem. Oepama Endjoem dipikajajah koe Madkaja sabisa bisa Endjoem oge koedoe males njaah ka manehna, ngan sakitoe pesen koering mah Djoem.

„Eh noehoen Njai parantos dibong-bolongan nepi ka meh tjaang, ari sajaktoena mah koering nepangan ka njai teh tjek satadi bade ngabang-brangkeun pikir bari mikir-mikir hojong gadoeh damel kana naon bae

„Kleermaker Atmawidjaja”

BANDOENG

Di Tjitapen Nomer 7 Tasikmalaja.

Ieu merk anoe parantos kamashoeer ti kapoengkoer kaanggo ti bareto padamelanana sae sareng enggal, toer ongkosna biasa.

Ajeuna parantos tjaket kana sasih Sijam, tangtos mendak lebaran, mangga geura enggal miwarang ngadamel raksoekan atanapi lantjangan bilih kasiangan,

Anoe sanget ngadjeng poen

Atmawidjaja.

Bade didjoealmoerah

Satepat pakarangan legana ± 30 toembak pasagi, katoet 2 imah, ka 1 bilik tembok ka 11 bilik biasa awi, Ajana di kampong Kali Djaga pajoe-neun bale desa Tawangsari.

Moendoet katrangan pangaos ka R. H. a. Cortobi Tjitapen 31 Tasikmalaja

Anoe ngadjeng²

Sanapi

Benda.

H. I. S. PASOENDAN TASIKMALAJA.

Disoebisidie koe Goepereinan. Noe bade ngaloebetkeun moerangkali ka H. I. S. P., sae tjandak moerangkaliha koe se-poehna ka sakola ti ngawitan kaping 1 Mei '25 (taboeh 9 endjing).

Schoolbestuur Pasoendan.

„LETTER - ARAB.”

Ajeuna mah maal teu kalaksanakeun palaj nitjak boeke-boeke atanapi soerat-soerat ondangan nganggo letter Arab teh, margi parantos sajag sareng tjekap, toer ongkosna teu sabaraha bentena sareng nganggo letter walanda anoe parantos biasa. Malah ajeuna parantos njobi-njobi nitjak kitab „HOES-NOEL - HASIN” karangan Siech Mochamad bin Mochamad DJAZRI doepi eusina roepi-roepi doe'a ti Kdj. ROSOLOELLOH s. a. w. Pangaosna f 1,25 djabi ongkos ngintoen. Oepami ngaloebetkeun roe ongkos pere sareng langkoeng mirah.

Lah ala deui bae pihandjakaleun teh, koe njaah potret pal-poetra, sobat anoe sakitoe potret palapangan kotoe koe keboel, ramallantjahan enz. Tjing tjandak ka „GALOENGOENG - DRUKKERIJ” oerang dikatjaan sareng di leasan, pambrih netjis kalligalina, malar atobean anoe mapiarna, teu sabaraha ongkosna mah.

Anoe ngadjeng.

„GALOENGOENG - DRUKKERIJ”

Tjibideung - Tasikmalaja

Agent Galoenggoeng Drukkerij

Di Soemedang M. Kartasatmadja parapatan Soemedang.

Di Bandjar M. Mb. BAKRIE.

Toko Saderhana & Kleermakerij

DAMES HEEREN en KINDER MODE ARTIKELLEN

STATIONSWEG 41 TASIKMALAJA.

Sajag roepi-roepi paanggo istri pameget sareng moerangkali, sapertos: selop, sapatoe, topi Kamedja, Pjama, saroeung-saroeung Palekat, Koetang, Kamedja istri, blouse, Rookkartikelen.

Roepi-roepi lawon pirakoekaneun, roepi-roepi entjil parja, soetra polos anggoeun kekemben sareng pirakoekaneun, roe deui barang-barang marodel, araneh, saras, anoe sesah oepami ditataan hidji-hidjina. Sadaja pangaos ditanggal mirah.

Kadjabl ti ngitjakeun barang-barang marodel, araneh, saras teh, nampi padamelan kengkenan roepi-roepi anggoan istri pameget sareng moerangkali, koemaha kapala? moel benteu kalaksanakeun, margi toekangna kenging milih anoe parantos kasohor radjina, tangtos tiasa noemoetkeun sakapala toer ongkosna benteu awia deui. Mangga boektikeun!!

Noe ngantos pesenan poen H. MAKSOEDI

N. V. HANDEL MIJ „GOENA PERNIAGAAN” BANDOENG.

Dina Algemeene Vergadering ping 1 Maart 1925 ditangtoskeun dividend 3 1/2% atanapi f 3,50 tina hidji aandeel. Ieu kaentoengan tiasa ditjandak saban dinten di Kantor Goena Perniagaan di Gang Lindeteves No. 4 Bandoeng.

De Directie.

boeboehan di kota. doeka ngaboedjang di Patjinan atanapi di Walanda pikeun kahiroepan sareng manawi tiasa ngabandjel bandjel ka kolot, nanging ajeuna bet mendak bongbolongan kitoe nja maal dikoe-maha, soegan mana kitoe oge kedah ngaboeng raga, melaan kahiroepan kolot.

„Soekoer Djoem aja pikir kitoe be-neer pisan, nadjan aja pikiran niat ne angan gawe, eta oge bener, tapi tina panggawe Endjoem teh maal waka bi sa pikeun mareuman ieu perkara. Oelah dikira gampang perkara kawin paksaan teh, ieu mah enteng soteh ninggaugna bae di Endjoem anoe aloes boedi sarta sabar asa hese nea-

ngan pikeun di kampong mah.”

„Ah Njai, oelah sok moedji-moedji kitoe bisi njalahan.” djawab Endjoem semoe goembira dina hatena moedji kana kapinteranana Nji Ijah tjatjakan boedak keneh mah.

„Njalahan koemaha?” tjek Nji Ijah bari seuri.


„Na itoe potret aja tegep,” Nji Endjoem ngarongkong kana medja leutik ngilik-ngilik eta potret bangoen-kajoengjoen pisan mani poho kana pananjaan sobatna.

(Aja samboenganana).

Preanger Chemicalien Handel
Tasikmalaja.

Ontvangen:
Karel I
Delftsche
Moortjes
La Semeuse

Sigaren



TOKO PALEKAT
AMING ABDULHAMID
PASAR BAROE 88, BANDOENG.

Sajagi roepi-roepi Saroeng palekat tjapKorsi, tjap Mobil (M. M. H.) noe parantos bekend kakintanana, ditanggel teu tjasa loentoer sareng seueur deui roepi-roepi Palekat noe teu kasebat di dieu.

Roepi-roepi saroeng Soetra, Samarenda, Poentianak, rengraoeng, Poleng damelan Priangan, Poleng Cheribon sareng nampi pesenan Poleng damelan Cheribon, Priangan, tjorena roemoetkeun sakoemaha kapalaj sajagi No. 1 sareng No. 2.

Roepi-roepi barang Koeningan damelan Djegja, Soerabaja, Bandjarmasin, Cheribon sareng Soemedang. Sareng nampi pesenan Ketoe-oedeng, model Kasoendan sareng Kadjawan, padamelan Gintanggel sae.

Barang-barang noe kasebat di loehoer pangaos direken mirah, keur itjaleun deui langkoeng mirah. Mangga enggal ngagaleuh (pesen) ka:

Toko Palekat, Tinoenan, Koperartikelen en Ketoe-oedengmakerij
Paloeneun Pasar Baroe pisan No. 88.

M. ENGKA - WIDJAJA.
Tjimoerah - Garoet.

Sakedap deni baris medal wawatjan SAMA'OEN anoe ka kontjara, boekbek ngamoekna. Ieu wawatjan pangdipikaresep koe sepoeh sepoeh sa Pasoendan. Kanggo nonoman nja enggal ditjatak sareng diheberes basana. Lalakonna rame katjida. Pendekna oelah kawarawan, oeninga uamina bae woengkoel jen Sama'oem: teh gagah, nanging lalakonna doeka teuning, kandelna 325 pada.

Oepami ngintonen artos ti ajeuna pangaosna 45 sen, ongkos gintonen 10 sen. Oepami pesen 5 ongkos vrij. Langkoeng ti sasih Maart pangaosna 60 sen djabi ongkos. Enggal pesen bilih sepetun: adresna tingalian, teu di loehoer.

ENGGALPESEN
Adres „Toko Soenda” Proewita Trisna
HALTE PARIGIE VIA BANDJAR S. S. W./L.

Nembe nampi deui kintoean ti **EUROPA**, roepi-roepi barang kanggo sajagi boboran Slam 1343, saperti: Katja sotja model A, banan tina nickel, perak, soesna sareng 14 karat mas.

„ „ „ Windsor bana perak sloeh mas' batoena aja blaw ngora hideung ngora, koneng, badas trang kanggo ningali tjaket atwa tebih.

TAN HOEN AUW
Toekang pasang gigi sareng panon palseo ti Bandoeng ajeuna di Pasarbaroe Tasikmalaja.

Adres anoe mirah padamelan ditanggel sae.

Tina kateangan-kateangan anoe ramos sok sering ngadjantenkeun roa oelah saiajengna kasawat waos anoe sesah pisan dilandongana. Meh teu tiasa deui njirikeun sakoemaha karausanana anoe kasawat waos, anoe mawi kedah didjagi ti anemehna.

Ajeuna sim koering njajagikeun satiskanten landong anoe koemaha bae, nja kitoe deui ngadjagi soedados sulamina waos sehat berseka, tiasa di djagi koe landong sim koering.

Fara Istri dioerosna koe njonja. Mangga saroeumping.

Hormat noe ngantos-ngantos
TAN HOEN AUW
Pasarbaroe 59 Tasikmalaja.

Nampi pesenan roepi-roepi Costume sareng roepi-roepi Pet Kadinesan anggoeun Prijaji B. B.

PAMANDANGAN
DAGEN - DJOKJAKARTA.

Sareng roepi-roepi Pet bodas beureum anggoeun Prijaji S. S. sareng ngitjal Pasmem anggoeun Solempang Loerah - Loerah (Koewoe)

Sareng sajagi roepi-roepi ketoe oedeng model kadinesan (Solo atanapi Djokja)

Dasi noe di damel tina batik teu kinten saena sadie a pesenan dikintoen Remb

TOKO
Universeel Agentschap
NIC MULLER
Goenoengladoe No. 15
TASIKMALAJA
Telefoon No. 26.

Awas! Awas! Awas!
Model! Moerah! Sae!

Sajagi roepi-roepi landong sapertos: Landong gohgoj (kanggo moerangkali sareng sepoeh, moerah). Landong njeri waos (gampil dianggon). Landong njeri kahampangan (roepi*). Landong panjegah bobot, noe teu ngaresak salira sapertos landong sanes. Obat tjatjing (keur moerangkali a sepoeh). Landong Sotja, ditanggel moestadjab. Landong ngaleungitkeun ramboet dehe sae sareng gampil, teu njeri. Landong intjok (raos). Landong boedoeng (roepi-roepi). Sareng seueur deui roepi-roepi landong.

Awas! Awas! Awas!

Poelas keur panganggo noe beleu roepi-roepi sae teu kinten, moerah! model Awas obat palseo ngaroeksak salira!! Obat kenging ngagaleuh di filiaal atanapi ti noe ngider.

Hoermatna
Nic Muller.

BINTANG HINDIA
Algemeen Geill. Weekblad
Hoolidredactie
Parada Harahap-Chia Chun Fong
Redactrice: Anna Sjarti

Rubriek tetap berisi gambar dan artikel: Hindia tjanik, Djempolan Hindia, Literatuur, Kroniek (Buiten politiek), Sport, Dalam perjalanan, Doenia film, Feuilleton, Doenia Isteri dan lain lain.

Harga langganan f 2,25 sekwartal
Tempat advertentie jaag paling baik, tarief pantas. - Mintalah proefnummer gratis.

Adres: Bintang Hindia Weltevreden

Hotel SIANG HAY
STATIONSWEG
Tasikmalaja.

Adres jang soeda tersohor, pemeliharaan bagoes netjis, model sekarang, penerangan menjenangkan, pembajaran tersaingan.

Djangan loepa toean-toean dan sobat-sobat silahken datang di saja poenja Hotel, tentoe tida aken ketjiwa.

TOKO BOEKOE
LEZERS BOEKHANDEL

NEMBE DONGKAP!
VULPEN „OSMIA” gagang hideung kalam emas f 8 50

Driehoek sareng gradenboog
Boekoe-boekoe dagang marirah.
Kertas pos 100 lambar f 0.75
Kertas gambar salambarna f 0.15
Wadah soerat „Leitz” f 0.40
Karet tjap „gadjah” f 0.10

Boekoe seratan kandel Bantal tjap, mangsi, roepi-roepi, sareng sadrja parabol njerat noe sanes.

Mangga tjarialik ka toko,
salam ta'lim
L. A. LEZER.

Eere diploma ti Groot Tentoonstelling Tasikmalaja. 1924
Koek - en Banketbakkerij
Fabriek
RADEN NATAMIHARDJA
Stationsweg 15/17 Tasikmalaja.

Sadjab ti njagikeun Koeweh-koeweh teh, ngawitan ti ping 20 Maart moeka deui (Restaurant) sajagi roepi aroteus, tocangseun, sepepeun, sareng boeah-boeah. Ditanggel bersih sareng njengkeun kana panggalih, tempat sae toemaninah.

Noe nganuh
Raden Natamihardja.
Stationsweg 15/17 Tasikmalaja.

N. V. Algemeene Levensverzekering Maatschappij „INDONESIA”
Kantor loeloegoe Bandoeng.
Bragaweg No. 37/39
Telefoon No. 1135.

Njaeta hidji pangroesoban bab nggolongkeun artos noe oerang priboemi, noe ajana pangpajoenna sareng pangloehoerna.

Margi
Diadegkeun koe Boemi oetra.
Dimodalan
Ditoengtoen
Dioeroes
Keur kaperloan
Nampi sapala roepi asoemansi djiwa sareng Studiebeursen (tjengtjeng leangan keur diadjar). Katerangan noe langkoeng paos moendoet ka Directie sareng agen-agen.

TOKO OBAT
N. V. Internationale Apotheek en Commissie Kantoor
Kranggan Temangoeng (Java).

bikin item maski ramboet poeti mera koening lantias djadi item Saboen obat ilangkan panjakit goedig gatel broentoesan boeras goedig besi enz.

No. 29 „Switwater” Obat panoe koekoel dan bikin aloes koelit moeka f 3,—
No. 30 „Haar olie (minjak ramboet) bikin gemoek dan tebel ramboet srenta pandjangken ramboet amat wangi f 0,90
„Moestadjab” Obat sakit kentjing lelaki dan prampoean kentjing nanah darah gegindjel batoe enz. f 1,75
„Ziekteverdrjver olie” Obat boeat mendjaga menolak segala panjakit prampoean waktos berdjina plisir. f 3,—
„pandaitan Olie” Obat koekat maski lelaki beroemoer 100 taoen masih bisa lawan kekoetannja 5 prampoean f 5,50
No. 31 „Inger” bikin mati mani (manik) soepaja prampoean tida bisa hamil of beranak f 6,—
No. 32 „T. K. W. Obat bikin idoeop mani (mani) soepaja prampoean bisa hamil (boenting) bisa beranak f 10,—
„Machine pidjel dan Machine Angin” selamanja tida bisa roesak zonder obat apa-apa No. 1 f 7,50

AARDEWERK PLERED
H. MARZOEKI.

Mangga pesen wadah sekar roko, wadah boewah, wadah kembang s. dj. Noemoetkeun model oge nampi. Ditanggel padamelan sae beres. Toer mirah. Sanes ngaboeng artos

Mangga toeloeng oesaha bangsa.
Oepami ka Plered oelah lali linggih ka
HADJI MARZOEKI.

TOKO PASOENDAN
STATIONSWEG 33.

Keretas dijilid, roebak, kiat sae, kandel pangaos salambar 4 (opat) Cent. Enggal ngagaleuh.

Wawatjan Soeloek Pandji nembe medal pangos f 0.15 roepi-roepi saroeung geroesan kangge tebaran. enz.

Boekoe Hadis miradj K. Nabi f 1,— hidji.

TOKO BOEKOE
M. I. PRAWIRA - WINATA
GROOTE-LENGKONGWEG 1. BANDOENG.

Samoedaja kasasahan tangtos tjal, soegrining kasedih galih tanwandelungit tanpa lebbi, liang tanpa karana oepami enggal-enggal maos boekoe

WAWATJAN RANGGA - WOELOENG
NJA ETA SAMBOENGAN
WAWATJAN DJAKA - OEMBARAN.

Kaajaan boekoena teu kinten saena, oekoeranana 23 x 16 c. M., kertama bodas sareng kandel aksarana sareng kembang-kembangna teu kinten saena kawantos tjlitan DRUKKERIJ VORKINK. Kawoewoehan teu kinten kandelna, aja 126 katja 45 poepoeh, 1266 pada.

Pangaosna moeng f 1.50
Franco di Post f 1.65 - Rembours f 2.15

Ringkesan eusina:
I. Nji Poetri Laelazari, prameswari Radja Oembaran didjerome (disaroe) koe djiin ipri, noe ngaran Nji Gandajang. II. Nji Poetri Laelazari lara balangsak di Aki Pangebanan. Sabotna didirja andjeunna poetrnan, didjenenganan Ranga-Woeloeng. III. Nji Gandajang djadi prameswari palseo sarta boga anak, dingaranan Tjantaka. IV. Ranga-Woeloeng ngagandek ka Tjantaka, lajaran ngabelian. V. Ranga-Woeloeng diperih pati koedoe meunangkeun gadjah poetih. VI. Ranga-Woeloeng dipikadeudeuh koe Radja Oembaran, sasalikna dipikatjeutjeub koe prameswari palseo. VII. Babales djoedes, Nji Gandajang munda maliwrna djadi djiin ipri deui. VIII. Nji Gandajang dadagoe ka Radja Laokoentar, madjar disiksa koe Radja Oembaran. IX. Perang ragot balad Laokoentar sareng balad Boeldasah. X. Oerang Laokoentar toempoeer adjoer diamoek koe Ranga-Woeloeng sakantjana. XI. Ranga-Woeloeng djoemeneng radja di Boeldasah ngagentos ramana. An-djeunna hirsep tjikroeh, dirioeng-rioeng koe goeloeng, digeleng-geleng koe angkeng, dihempakan koe parawan parantos!

Koep en verkoop 2de handsch Boeken.

Mangga ngalanggan Advertentie di Sip. moerah hasil maksoed